ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№175 (21.583) ● 2009 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ПравительствэщІэм и къалэн нэхъыщхьэхэр

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ хэлъ-щыІу ящІащ КъБР-м и Правительствэщ Іэмэ текІуэ унафэ къыдэригъэкІуэ Правительствэм и Унафэщ Іэм и Іэтащхьэхэм я Іэтащхьэхэм.

- КъБР-м и Конституцэм кьигъэув пІалъэхэм кьриубыдэу дэ ди ПравительствэщІэр кьыдэдгъэпэщащ, - жиІащ **Къанокъуэ Арсен**, зэІуцІэр кьыщыдзэІуихьым. - Правительствэм и Унафэщ Іымрэ сэрэ дыдэрэ нэдгъэщІыжащ икІи дызэгурыІуащ мыбы и пэкІэ лэжьа министрхэр ящыкІэрейми Правительствэми зэрыщыту хэдгъэхьэну, Іэнатіэхэри абыхэм зэрытхэри зэблэдмыхьуну. Ауэ абы къикІыркъым дэ, Президентри Правительствэм и Унафэщ Іри, министрствэ псоми я лэжьэкІэм арэзы дыкъыщІу. Иджыри мазэ зыбжанэ дызэІуплъыну?, етІанэрэ Правительствэщ Іэ кьыдзэрэдзэгъэпщыным дегупсысынущ. А зэманым кьриубыдэу дигу щІэныкъуэ ныкъуасныгъэхэр ямыгъэзэкІуэжмэ, ядянныкъуэ министрхэр зэтхъуэкІын хуей зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Зэрыщыту кьапщтэмэ, жысІэну сыхуейщ лэжьакІуэ гуп кьаризнэ ди Правительствэм зэкІэ зэрИэр, социально-экономикэ кьалэн нэхъыщхьэхэр зэфІэгъэкІыным мыЕйуэ зэрыпгъпльэщыр. Фэ фощІэ дунейпсо финанс кризисым и зэрыгъэкІэ кьэралыр иджыпсту зэрыт щытыкІэр, абы дэтхэнэ зыри жэуапІныгъэ иныр дыкьыдзэрэкьуридзэр. Кризисэр щхьэщыкІыу хуежьауэ, зэзпІэзэрытыныгъэм дыкъэкІуэжми, 2010 гъэм и бюджетыр щызэхэдгъэувэкІэ дыбэлэрыгъ хьунукъым. Федерал бюджетым кьыхэкІ мылькур процент 20-кІэ зэрыдгъэмэщІам кьыхэкІыу, дэ дыхущІэкъуи хуейщ ди щынальэм кьыщІажь мылькур сыт хуризкІи нэхъыбэ зэрытщІынымрэ ахъшэр зытедгъэкІуадэхэр нэхъ тэмэму зэрытедгъэшэнымрэ. А псом кьыхэкІыу Правительствэм и кьалэн нэхъыщхьэр дызыхуэкІуэ гъэм и бюджетым фІыуэ егупсысауэ, хэхъуэмрэ хэщІымрэ зэптэшэчауэ кьызыхуэтынщэу гъэпсынущ. Абы ипкъ иткІэ, сэ финансхэмкІэ министрым зыхуэзгъэзащ дызыхуэкІуэ гъэм и бюджетыр щызэхагъэувэкІэ, абы и процент 51-р щынальэм кьыщалэжь мылькум, процент 49-р дотацэм тращІыхьыну. ИкІи мыбдеж кьыхэзгъэщынут нэхъапэм процент 55 - 56-рэ дотацэу кьыдату щытамэ, а щытыкІэм зезыгъэхъуэжьын хэхъуэ дяпэкІэ диІэну дызэрыщыгугъыщ.

Президентым тригъэчыныхьу кьыхиГэщащ бюджетым хэзыгъэхъуэн хэкІыпІэхэм дяпэкІи ерыщу лЫхьуэн зэрыхуейр, абыкІэ щыпІэ административцэхэм я Іэтащхьэхэми зэрызэхуигъазэр, экономикэм зезыгъэужь инэтІыныгъэ псоми лЫхъэнэм декІу производствэ Іуэхущ Іапі эхэр кьыхэзрыщыз эІухьпхьэр, хьэрычэт Іуэху цІыкІу, ику ит зезыхуэхэм мылькукІэ защІэгъэкъуэн зэрыхуейр, нэгъуэщІхэри.

- Нэхъапэхэми хуэдэу, Правительствэм и кьалэн нэхъыщхьэ щІыпІэ промышленностым зегъэужьынымрэ, - жиІащ адэкІэ Президентым. - Ар зэдмыгъэхъуЛэмэ, ди республикэм дыдэрыхуейм хуэдэу зиужьынукъым. Іэмал зэриІэкІэ, нэхъыбэу кьэгъэсэбэпын хуейщ Іуэхуншэу щыт производственнэ Іэнатіэхэр, ахэр инвесторхэм хуит яхуэщІауэ егъэгъэлэжьын хуейщ. Апхуэдэ Іуэхущ Іэкіэм и зы щапхъэу мы махуэхэм Налшык кьыщыІэлутхащ цыкІу 500 - 800-м лэжьыгъэ езыта «Борен Текстиль» фабрикэр. Абы хэщІапІэ хуэхъуар «Къэббалькъснаб» ОАО-м иІыгъыу щытаращ. Фабрикэр кьыщыІэуахьм щыІахэм яльэтъуащ а Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэр зэтриублэн папщІэ а щынІэр зыхуей хуэзэу кьыІэрыгъэпщыжьыкІар. Апхуэдэ предприятэ зыбгъупщІ кьытхуэзгъэпэщатэмэ, апхуэдиз цыкІу е нэхъыбэ щылажьэу кьызэІутхьфамэ, лэжьапІэншэ куэдым Іэнатіэ ягъуэтынут.

Правительствэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм, Іэпэдзгъэлэл пщынкІэ Іэмал зимыІэжям ящыщу Президентым кьыхигъэщар мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьынырщ, ар экономикэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІ унэтІыныгъэ лъэрыхьу зэрыщытыр кьэрыгъэныр.

- Лэжьыгъэм и пІалъэр дуней псом кьыщагъэсэбэпхэм кьагъэлъагъуэ кризисым фІыпІи зэрИэр, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - Къэбэрдей-Балькъэрым ехьэлІауэ жьпІэмэ, гъащІэм дызэригъэувэлІа апхуэдэ гъэунэхуп Іэр ди щынальэм иФІ хэлъу кьыгъэхъэсэбэпынущ, АПК-м зедгъэужьу фейдэ кьедгъэтхьфынущ. АбыкІэ Іэмал кьэрэнэхэр дыдэрИэм щыхьэт тохьуэ яп игъэщІапхъэ лЫэпкь проектым ипкъ иткІэ мы зэманым ирихьэлІэу зэфІэтхаХэмрэ кьыдэхъулІахэмрэ. Икіи, сэ сыэрепльмыкІэ, мыбдеж зи гугъу щыпхъэр республикэм кьыщалэжь мэкъумэш продуктэр щынальэм ихъэм яхурихьэку щытыным и закъуэкьым, атІэ абы и лейуэ кьалэжь гъавэмкІэ, Іэгъэ-, лыхъкІымкІэ урысей рынокым хьыхьэн, увыпІэ быдэ щызэгъэгъэтын зэрыхуейрщ. Щэч хэлъкьым абыкІэ дэ Іэмал псори дызэриІэм. Ауэ нэхъыщхьэр щыхуэхр лэжьыгъэкІэ кьыдзэзгъэпэщынраери, абыкІи кьуажьэдэс мин бжыгъэм Іэнатіэ тхуетынущ.

Президентым и гугъу ищІащ Іуэхуныгъэ Іэнатіэм игъуэт зыІужьынныгъэмэ. Абы жиІащ федеральнэ, республикэпсо зыІуэ щыт программэхэм я сэбэнкІэ КъБР-м щахуэ обьектхэм я бжыгъэм фІыуэ зэрыхъэхуар, кьыхихтэщ Урысейм и адрей щынальэхэм ельытауэ, ди щІыпІэм унэ щыбухуэным мыльку нэхъ мащІэ зэрыщытекІуадэр, ар Іуэхум кьыхэлъытауэ, а уасэм зэрызихъуэжь щІагъуэ щымыІэу ди цІыхуэм псэупІэ яухуэжьафыным, кьащхъэфыным Правительствэр телэжьын зэрыхуейр, Налшык и мызакъуэу, районхэми псэупІэ унэхэр щаухуэну зэрамурадыр. Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен тепсэльыхьащ республикэм и гъэгуУуэу Іэнатіэм щызэфІагъэкІахэмрэ абыкІэ щыІэ Іуэху зэфІэмахьэхэмрэ, транспорт комплексым зегъэужьынымрэ мыЕйуэ кьаэзэрехъулІэм, абы епхауэ иджыри зэхъуэкІынигъэхэр зэрыщыІэнум, цыхухэр кьезышэжі, хьэлъэ зыгъэІэпхъуэ транспорту республикэм щызекІуэр (абы гъэщ гъэущ тетхэри хэту) кьэгъэщІэрэщэжьынр апэ зэриГэщІапхъэм. Правительствэм гульытэ ящыІэ зыхуищІын хуейхэм ящыщу Президентыр кьытеувыІащ цІыхухэм ягъуэт социальнэ Іуэхутхъэбзэхэм зегъэужьынми, бын куэд щапІ, унагъуэ хуэмыщІахэм ядэІэпикъунми, нэгъуэщІхэми.

АдэкІэ псалъэ ираташ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр.** И кьэпсэльэныгъэм и пэублэм абы КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен фІыщІэ хуищІащ Правительствэм кьригъэза дзыхьым папщІэ. АдэкІэ ар тепсэльыхьащ Правительствэм и лэжьыгъэ гъэпсыкІэр зыхуэдэнум.

- Правительствэм нобэ и кьалэн нэхъыщхьэр сэ хьэзылъагъуэ экономикэм зедгъэужькІэрэ ди цІыхуэм я зэрыщыкІэр едгъэфІэкІуэным, - жиІащ Меркуловым. - Щэч хэмылъу, абыкІэ иджыпсту нэхъыщхьэр зыужьынныгъэ Іуэхум хэтлъхьэ Іэмэ псоми кьыгъэщІынур зыхуэдизыр щымыІэм, дэтхэнэ зы сомми кьытхуэщІынур зыхуэдизыр щыуагъэнщэу кьэбжьынрыщ. Араш ди Іуэху зекъэмэр нэхъыбэу зыитегъэщІауэ щытын хуейр. Правительствэр цІыхубэм япэІэщІэу щыт мыхьуну кьыІэольытэ, абы кьыдэкІуэу ди лэжьыгъэхэр нэхъыфІу кьыдэхъулІэн папщІэ, зи гугъу тщІа Іэнатіэхэм нэхъ псынщІэу зедгъэужьынымрэ щхьэкІэ дэ щІэныгъэмрэ щІэныгъэрылажьэхэмрэ Іэпэгъу кьэтщІын хуейщ. Абы и Іуэхукіэ сэ дызоІыгъ жьылагъуэ чэнджэщэгъуэм ятеухуауэ Президентым кьыхилъхьа жэрдэмрэ.

Меркулов Александр апхуэдэу кьытеувыІащ цІыхуэр лэжьыгъэмкІэ кьыщэзгъэпэщынымрэ, хэхъуэ-гъэужьынымрэ пыща Іуэху гугъуэхэр зэфІэхьынымрэ и хэкІыпІэу ильагъуэм.

- ЦІыхуэхр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ нобэ республикэм щыщыІэ щытыкІэм уэхэлъмэ, - жиІащ Правительствэм и Унафэщ Іым, - гу лъымытэжкІэ Іэмал иІэжьым мыпхуэдэ Іуэхум: ди деж зыщызыуБгъуар лэжьапІэншагъэр аракъым, атІэ хэІущІыІу кьамыщІу дэтхэнэ зыми и щхьэ Іуэху зэрызэрихуэжырщ. Абы кьыхэкІыу дэ дыІуоу письмоуЛэхэм дэлъу ят улахуэхэм (цІыхум кьилэжьар зыхуэдизыр щымыІэм зэрыщыІэр). Абы и лэжьапІэхэм, кьищынэмыщІауэ, лэжьапІэншэхэм иратыну ахъшэри бюджетым кьыхэдгъэкІын хуейр мэхъу. Щытыкіэм зедгъэхъуэжьын мурадкІэ, сэ кьыхэсЛхьащ лэжьапІэ ямыІэу ятха дэтхэнэ зыми и Іуэхум иджыри зэ хэпльэжьыну, щэхумрэ нахуэмрэ зэхаГэкІауэ, итпэжапІэкІэ нэгъуэщІ хэхъуэ зимыІэмрэ мылажьэмэ, лей кьаэзрытемыльэнур зыщІэу зэхэсхэмрэ яубзыхуну. Бын куэд зыпІ анэхэм я Іуэхур гурыІуэгъуэщ, абы хэм «щхьэ фымыдажьэрэ» жиІэу зыри енькъуэжьынукъым, ауэ илъэс 18 - 30-м иту лэжьыгъэ зимыІэхэм я Іуэхум ткІийуэ дыхэпльэну. Абы и хэкІыпІэхэм ящыщу ямыдеж щыжьісІэну сыхуейт лэжьыгъэ зимыІэ цІыху кьэс сом мин 57-рэ хуэзэу ильэскІэ щІыхуэр еттУ «лэжьапІэншэм» и пІэкІэ «хъэрычэтыщІэ» диІэным дызэрегупсысыр, абы теухуауэ щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм нэхъ гупсэхуу депсэльыпІэну, дызэчэнджэщыжьыну дызэримурадыр.

ЩІэуэ кьызэрагъэпэщыжьа Правительствэм хэтхэм адэкІи екъуІэныгъэ яІэу лэжьэну екъуэхуэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ **Чеченов Ануар.** Министрхэм кьабгъэдэкІ фІыщІэ псалъэкІэ Президентми Правительствэм и Унафэщ Іми захуигъэзащ щэнхабзэмкІэ министр **Фырэ Руслан.**

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Урысей Федерацэм и къэрал властым и хабзэгъэув (лЫкІуэ), гъэзэщІакІуэ органхэр кьызэгъэпэщыным теухуа зыуэ щыт хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 117 статьям и 4-нэ пунктым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэщтэм мы Указым щыІгъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэр.

2. Къэрэу имыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэм теухуауэ» 2006 гъэм мэкъуэгъуэгъуэм и 28-м кьыдигъэкІа Указ №66-УП-м.

3. Мы Указым къару егъуэт ар кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№136-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм фокІадэм и 15-м кьыдигъэкІа Указ №136-УП-мкІэ къащташ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я

ЗЭХЭЛЪЫКІЭР

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрствэхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ХъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралмылькум унафэ хэущІынымрэ щІым и гъэтІылъыгъэхэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкіэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымкіэ, связымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьынныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэр

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и нэгъуэщІ гъэзэщІакІуэ органхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхухэр зэкІэлъэпсыгъакІуэ управленэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іуэхущ Іапі эу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыІуэ щыІэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Нэгъуэщі щІынальэхэм яхуиІэ пыщІэныгъэхэмкІэ и къэрал комитетыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхухэм Іэнатіэ яІэныкІэ и къэрал комитетыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуэныкъуэ заказхэр убзыхуныкІэ и къэрал комитетыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмкіэ и къэрал комитетыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив кьулыкьыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мировой судыщІэхэм я лэжьыгъэр зэкІэлъэпсыгъакІуэныкІэ и кьулыкьыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм я щытыкІэр тхьныныкІэ и управленэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэу гъэувын **Тхьэзэплъыж Мурат ТІулэ и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№138-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэу гъэувын **Унаев Казым Хьажы-Мурат и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№139-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэу гъэувын **Дышэкі Мадинэ Руслан и пхъур**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№140-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министру гъэувын **Биц Вадим Георгий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№141-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министру гъэувын **Фырэ Руслан Борис и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№142-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министру гъэувын **АфІэунэ Аслъэн Мартын и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№143-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министру гъэувын **Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№144-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныкІэ и министру гъэувын **Гызыев Берт Хьэжыуэсмэн и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№145-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министру гъэувын **Ерчэн Темболэт Хьусен и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№146-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министру гъэувын **Афэщіагъуэ Михаил Хьэлым и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№147-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министру гъэувын **Пащты Борис СулътІан и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№148-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министру гъэувын **Бышэн Азрэт Алий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№149-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынныгъэмрэ сатумкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынныгъэмрэ сатумкІэ и министру гъэувын **Мусуков Алий ТІэхьир и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№150-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылькум унафэ хэущІынымрэ щІы Іэхуэхмкіэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылькум унафэ хэущІынымрэ щІым и гъэтІылъыгъэхэмкІэ и министру гъэувын **Сэхъу Мухьэмэд Исмэхьил и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№151-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министру гъэувын **Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№152-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ и министру гъэувын **Сунш Анурбий Іэбубэ и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№153-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министру гъэувын **Абрэдж Іэдиб Хьэсэнбий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокІадэм и 15-м
№154-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр къэщтэн, мы къыкIэлыкIуэхэр хэту:

Меркулов Александр Виктор и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр;

Тхьэзэлтыжь Мурат ТIулэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр;

ДыщэкI Мадинэ Руслан и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр;

Уянаев Казым Хьэжы-Мурат и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр;

Абрэдж Iэдиб Хьэсэнбий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр;

АфIэунэ Аслъэн Мартын и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрыр;

АфэщIагъуэ Михаил Хьэлым и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрыр;

Бицу Вадим Георгий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хьумэнымкIэ и министрыр;

Бышэн Азрэт Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр;

Гызыев Берт Хьэжыусэмэн и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыIэпхъэмкIэ дунейр хьумэнымрэ щIыпIэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министрыр;

Мусуков Алий ТIэхьир и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынымкIэмрэ сатумкIэ и министрыр;

Пащты Борис Сулътан и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр;

Сэхъу Мухьэмэд Исмэхьил и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкум унафэ хуэщIынымрэ щIым и гъэтIылъыгъэхэмкIэ и министрыр;

Сунш Iэнуарбий Iэбубэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкIэ, связьымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрыр;

Томчак Юрий Иосиф и къуэр - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр;

Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лажьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэмкIэ и министрыр;

Фырэ Руслан Борис и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр;

ЩхьэгъэпсО Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэнымкIэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр;

Ерчэн Темболэт Хьусен и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрыр;

2. Къыру имыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №978-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм ятеухуауэ» 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №978-УП-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм шыщхьэIум и 4-м къыдигъэкIа Указ №1101-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №978-УП-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм мэлыжьхыбм и 12-м къыдигъэкIа Указ №925-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №978-УП-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм накIыгъэм и 10-м къыдигъэкIа Указ №37-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №978-УП-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м къыдигъэкIа Указ №1224-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №978-УП-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм щIышылэм и 22-м къыдигъэкIа Указ №971-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №978-УП-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм накIыгъэм и 12-м къыдигъэкIа Указ №973-УП-м;

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щIыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм фокIадэм и 15-м
№157-УП

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 17, *махуэку*

◆США-м и американ гражданствэм и махуэщ

◆ЗдэлэжьэнымкIэ икIи зэдзэпIэпыкъунымкIэ зэгурыIуэныгъэм ильэс и пкIэ Iэ щIадзащ Урысейм, Абхазыем, Осетие Ипщэм.

◆Ильэс 75-рэ и пэкIэ СССР-мрэ Албаниемрэ дипломат зэхущытыкIэ яIэ хъуащ. 1991 гъэм дыгъуасэм Урысей Федерацэм СССР-м и къалэнхэр кьищтащ.

◆ Женевэ щызэхэтынущ Закавказьем мамырыгъэмрэ щынагъуэ щынагъэмрэ щыкъумэнымкIэ зэпсэлъэныгъэхэм я къыкIэлыкIуэ Iыхьэр.

◆ФокIадэм и 17 - 18-хэм Стокгольм щызэIущIэнущ Балтийскэ гендзыкI Iуфэм Iусу Европэм хэт къэралхэм я унафэщIхэр. Ахэр зэгурыIуэнущ Балтикэ гендзыкIым и Iуэхукlэ.

◆ФокIадэм и 17 - 20-хэм Сочэ щекIуэкIынущ VIII Дунейпсо инвестицэ форум.

◆ 1877 гъэм къалъхуащ сценкIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Кьщокьокъэх Рашидэ Алимрэ я адэ **Кьщокьокъэ Щыламрэ**. 1937 гъэм дунеим ехыжащ. **◆Дыгъэр кьищIжащ сыхьэти**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псалъэм уемыплъ, кьинсэлъым еплъ.

6-рэ дакьикъэ 46-м, кхуэхъжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 16-м.
◆ Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 30-рэ.

ФокIадэм и 18, *мэрем*

◆ Чили Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщI - къэрал щхьэхуит хьуащ.

◆ФокIадэм и 18 - 20-хэм Краснодар краймэ щагъэлъэпIэнущ Армавир зэрагъэпсыгъэ илъэси 170-рэ зэрыныкъуф.

◆ 1934 гъэм Совет Союзыр Лъэпкъхэм я Лигэм хыхьащ.

◆ 1979 гъэм Ленинград и район судэхэм ящыщ зым и унафэкIэ ягъэсагъэ щытащ Шемякин-Кьадрэн Михаил, Богомолов Г., Исачев А., иджы щIэрыIуэ хьуа нэгъуэщI суратыщIхэм ятха суратэ 363-рэ.

◆ Ильэс 270-рэ и пэкIэ (1739 гъэм) Белград Iэ щыщIадзат урыс-тырку зауэр зэриухыкIэ зэгурыIуэныгъэм. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Къэрал Iэ щIадзащ.

◆ Мы гъэмыдзэ зэгуэныгъуэщ «Аврора»-м и лъэситхукIэ уэзэIэбкIыжмэ, «порногрофие» жыхуаIэ жанр напэтехьим тету, фильм зэрыщытрахыгъар, а фильмыр УФ-м Кинематографическэ и комитетым къэрал псом щыбгъэльагъуэ хъуну кьыззрильытар.

Мы зыри щIыдгъужынщ, «Аврора» крейсерыр, зауищрэ революцитIрэ кьыззэзынэкIар, мы зэманым здэщыIэр Фин псыдэльэдапIэм и Iуфэрщ, Ручьи посёлкэм пэгъунэгъуэ. Мы кхъухьым итэ Iэщ,эхэр, двигателыр, нэгъуэщI пкъыгъуэхэр кIэрагъльащ Нева псым 1987 гъэм трагъэуфа крейсерым, «Аврора»- зыбгащ,ам. Аращ, кхъухьитI щыIащ, «Аврора» я цIэу (Ручьи посёлкэм пэгъунэгъуэр зыри зыхуэмеиж гъущцыкIэжьым хуагъэкIуащ). ЩыIэн хуэйр а тIум я зыхьзэзыщ.

АНДРЕЕВ Сергей.
«Известия».

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийр.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

ЩыблэIуш ямыIауэ ара?

Ди къэралыр ящыщщ щыхуэ тынмкIэ нэхъ жыджэр дыдэхэм. СызэрыщыгъуэзэмкIэ, США-ми дыдэIэпыкъуащ доллар мелардиI 120-кIэ. Ауэ щыхьхьIэ, дэри щыхуэ кьаIыдох нэгъуэщI къэралхэм. Ар сфIэнгъуэджэщ: сыт къыдебгъэкIуэм мылъку щIахуэлгъэщыр, щхьэуэмыщIауэ, «гъэщIэжьынщ» жыхуаIэм хуэлэу дыщыпсэукIэ?

ВЫХОДЦЕВ А., *Ярославль*

УпщIэм жэуап кьрет ЩIэныгъэ хэмкIэ Урысей Академием Дунейпсо экономикэмкIэ и институтым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ **Смыслов Дмитрий:**

- ЩIыдагъэр щэным кьыт - худэжьуэ хэхъуэхэмкIэ США-м и къэрал облигацIэр кьэтщэхуат, ар нэхъ фейдэ хэкIыпIэфIу кьэтлытэрэн. Ахьышэр ди къэралым и банкхэм хэтлъхьэну дытегушхуакьым, абыхэм ди дзыхь едгъэзыщэртэкьым, хэхъуэу кьэтхуэхьынуи нэхъ мащIэти. ДызыхуэхIуэ ильэсым американ тхьылымпIэ льаIпэхэр тщэкьынрэ, абыхэм кьыдата хэхъуэр тедгъэкIуэдэнущ пенсэхэр тыным, лэжьапIэншэхэм ядэIэпыкуным, нэгъуэщI социальнэ Iуэхугъэшхуэхэр зэрэIэтэкIыным. Ауэ а псори тынщу зэрытхуэзэфIэмыкIынур дощIэри, нэгъуэщI къэралхэм я дежь щIыхуэ кьышIдмыщтэу хъуну кьыщIэкIынукьым.

Саяно-Шушенскэ ГЭС-р кьыщIэуам, къулейсызыгъэщхуэ кьыщIэхъуам и щхьэусыгъуэу жаIэхэр си фIэщхуэкрым. Яуатэ щыблэр щыщагъэ хьумапIэхэм ящыщ зым техуауэ, абы мафIэсыр кьыдэтауэ, А хьумапIэхэм щыблэIуш ямыIауэ ара?

ЕРМАКОВ С., *Видное.*

- Щыблэр зыгъэкъуаншэр МЧС-м и Урал центрым и лэжьакIуэхэр. Льэпкъ энергетикэ щынагъуэншагъэмкIэ фондым и эксперт нэхъыщхьэ Пасечник Александр зэрыжиIэмкIэ, «уафэм и удыным» пцIы тралъхьэрэ, кьулыкъущIэ щхьэхуэхэр хущIокъу мыгъуагъэшхуэм и хэкIыпIэкэр щIахьмэну. Теникэ хабзэхэм ткIийкэ нэхъыззэрагъэувымкIэ, хьумапIэ псори щыблэIуIыкIэ кьыззэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Шэч хэмылъу, кьэхьугъэ мыщхьэпэм и щхьэусыгъуэр щынагъэншагъэм и хабзэхэр дахэ-дахэу зэрамытагъэзэщIарщ, «Кризис» жаIэурэ, мылъкур кьыдагъахуэурэ.

Апхуэдэ Iуэхуэ епльыкIэр деIыгъ Ростехнадзорым и пресс-секретарь Галкинэ Ольгэ. Абы кьыззэрыджиIамкIэ, ГЭС-м мы зэманым щокIуэкI кьэпщIэныгъэ инхэр. Абыхэм бедджыныгъакIыщынщ Iуэхум и пэжыпIэри, лэжьыпхъэхэри, жэуап зыхьпхъэхэри.

УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэмрэ Суд Нэхъыщхьэмрэ кьалъытащ автомобилхэр зезыгъаIуэхэр чэфрэ мыгъэфрэ кьызэрапщытэ трубкэ цIыкIуэр («алкотестер» жыхуаIэхэр) дяпэкIэ кьзгъэсэбэпын хуэмейуэ. Абы кьыкIыу пIэрэ чэф зиIэхэр ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм кьапщIэ мыхъыжьыну?

ПОЗДЕЕВ И., *Адлер.*

- Хьэуэ, Iуэхур зытеухуар щыIуагъэ кьэмыгъэхъунырщ, жеIэ УФ-м и ГИБДД-м и кIэрал инспектор нэхъыжь Белан Антон. - ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм дяпэкIи кьзгъэсэбэп хъунущ дагъэнэшэ, сертификат зиIэ алкотестерхэр. А Iэмэпсымэм кьигъэльагъуэмкIэ мыарэзы шоферхэр, фадэ ефэми мыиэфу зызыльытэжхэр, ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм ягъакIуэ хъунущ дохутырхэм (наркологхэм) я деж. Абыхэм я кьэпщытэныгъэхэми ягъэхьэзыра дэфтэрхэми арэзы темыхьуэмэ, рулым дэсхэм зыдагъэIэпыкъуэ хъунущ зыми Iэщ,эмыль (чнезависимэ» жыхуаIэ) медикэр. ЗэхъуэкIыныгъэщIэхэм я купщIэр ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм я жэрдэмкIэ шоферхэм я правахэр кьытрахыу, документхэр судым ирагъэжьу, тезэр ткIийкэр кьыгралъхьэу зэрыщытам кIэ етыныр, захуагъэм тету Iуэхуэхэр зэрэIэхьынур кьыззэгъэпэщынырщ.

Ингушым унагъуэхэм щахъумэ Iэщ,эхэр, ахьшэ кьратурэ, хабзэхъумэхэм Iахьжу жаIэ. Ар пэж?

БРУТАЛОВ Б., *Налшык.*

- Пэжщ. Iэщ,агъэлIэхэм хьыбар кьыззэрыдагъэщIамкIэ, ахьшэ зыльытагъэщ езыхэм яфIэфIу зи Iэщ,эхэр зытыщ, армыхьумэ, кьапщытэ нэужь кьызыкьуахэхэркъым. Мы Iуэхум теухуа унафэ зэIубз иджыкIыгъэ кьищтащ республикэм и правительствэм, хабзэм кьемызэгъэныу Iэщ,эшинагъэ зэрэзэгъэныгъэхэр (фочхэр, автоматхэр, лагъымхэр, шэхэр, нэгъуэщI-хэри) унагъ уэхэм щамыкIуэмэн папщIэ.

Куэд щIауэ жаIэ Новодевичье кхъэм хьэдэхэр щыщIамылъхьэжу, Т роекурорскэм.. Ваганьковскэм.. нэгъуэщIхэми «щIы метриI зэрбгъэзнатIэр» кьыщIопльхьуэн хуейуэ. Ауэ дольагъу мы Iуэхуми зэхэгъэжзэрыхэльыр, щIыху щIэрыIуэ ящыныкъуэхэр дунейм щекIуэкIынущ. Ар щыIэныгъэ ящыщ щыщIэ щIыпIэ хьыпхъэхэри.

УФ-м и Президентым хуитыIэрэ хамэ къэралхэм зыщIэныгъэхэр? Сыт абы къыкIыр? Ди къэралым и Iэтащхьэм езыр зэрыхуей дыдэу зигъэнсэху хьунущ. Ауэ гу зылъытапхъэщ Президентым и зыгъэпсэхуагъуэ зэманми и кьалэнхэр зэрыщытхэмкIэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, и унагъуэм (къэралым) исыжыныр нэхъ кьыхуощхьэпэ.

Мыгъэрей и зыгъэпсэхугъуэр Медведевым щигъэжIауэ Сочэ кьалэм, абы и Iэнуэбгъэхэм. Къэрал Iуэхухэри Iэщ,ыб ищIакьым: кьыщIытащ олимпухуэныгъэхэр зэрекIуэкIыр, я IуIщIащ къэрал зыбжанэм, парламент партхэм я унафощIхэм.

Премьер-министр Путин Владимир зэрызигъэпсэхуар махуиплI кьудейщ. Ар щыIащ Тувам и щIыпIэ дахэхэм, бдзэжьей ещащ, кьуршыпсэуэрым щыщIэпскIащ, Iэхьуэ-шыхьуэхэм я гъусэу концерт гъщIэгъуэнхэм еплъащ.

Тхыдэм дыхэпльэжмэ, гу лыдэтэ тещIигъуэр зыIыгъыу щытахэм къэралым и инщэ лъэныкъуэр зыгъэпсэхупIэу зэрыIар. Къэбгъэльагъэмэ, Александр ЕтIуанэр ВыщIыкIуэрейт, а щIыпIэм щыIэ Ливадий уардэнэр и хэщIапIэт. Александр ЕщанэкIи бзэфIэт Кьрымым щыIэну, а щIыпIэми щыIIэжащ. Иужьрей уэрыс пащтыкъ Николай ЕтIуанэр эман-зэманкIэ щыхьэщIэрт Бахъшысарэйм, Севастополь, Форос, Ялтэ, Алупкэ, Алуштэ.

Совет Союзым и кьызэгъэпэщащIэу Ленин зыщигъэпсэхуар Горки жылагъуэ щыкIурщ, Москва пэмыжьжьэу щыЗрщ. Сталиныр зыкъомрэ щыпсэуащ Налшык, нэхъ ижьыIуэкIэ зэтхьэкъуащ тендзыз фIыщIэм и Iуфэм кьыдекIуэкI жылагъуэ щIрыIуэхэм.

Хрушев и ягъ зыщIигъуэжьырт Кьрымыр: кхъуафэжьейкIэ тендзжым техьэрт, бдзэжьей ещрт. 1964 гъэм, а щIыпIэм щыIэу, и кьулыкъым къытратъэжIыгащ. Ильэс 27-рэ дэжIа нэужь, ардыдэр кьыщIащ Горбачевми. Форосым щIэрыIуэ, ГКЧП-м хэтхэм зыкъаIэтри, и кьулыкъур Iэщ,атхъыгащ.

Брежневми фIэфIт «Бочаров ручей» жыхуаIэ зыгъэпсэхуэпIэм и нарзанпсэхэм ефэну, псы пщтырхэм зыщигъэпсэкIыну. Андроповым нэхъ кьищтэрт Кьрымыр - аращ дыеIм щехьжари. Черненкэ Кисловодск щыIэу, зыгуэрым кьыжриащ бгы лъагэмщащ «Сосновый бор» дачэр и узынщагъэм кьыхуэщхьэпэну. Ауэ и астмэ узыр абы нэхъ гуащIэу кьыщIипхърыхьэри, мыгувэу дунейм ехьжащ.

ЩIыналтэ унафэщIхэм я гугъу ящIымэ, Санкт-Петербург кьалэм и унафэщI Матвиенко Валентинэ ильэс зыбжанэ хьуауэ Алыджым макIуэ. Краснояркэ крайм и губернатор Хлопониным зыщигъэпсэхурейщ Москва пэгъунэгъу кьалэ щыкIуэм, Франджым, Италием я щыпIэ дахэхэм. Тэгъэстаным и пещIэ Шаймиевым зыпищI щыIэкъым Чехием, Тыркуэм я курортхэр.

ЩыгъуазэфIыхуэтIынщ кьэралыгъэ нэхъ цIэрыIуэхэм я Iэтащхьэ языныкъуэхэм я «зэкIуэлъэхэмэ». Къэбгъэльагъуэмэ, США-м и президент Обамэ Барак, и унагъуэр и гъусэу, и уней кащIэм, Массачусетс псы Iуфэм Iутым, щIэх-щIэхыуэр щыпльагъэнущ. Великобританием и премьер - Браун Гордон кIэрейщ Шотландием щыIэ, езыр зыщадльэ Файф кьуажэ щыкIуэм. Франджым и президент Саркозэ Николя и щIэныгъэгъэщIафIэ Лазурный Берег жыхуаIэ щIыпIэ тельыджэм. Италием и премьер-министр Берлусконим Сильвио эман куэд щегъэкIуэ Милан кьалэшхуэм и Iэгъэлбгъэхэм. Германием и канцлер Меркель Ангелэ хэтырейщ ильэс кIэс Вагнер и фоепIуэ бавариемрэ щрагъэкIуэкI дауэдащхэм (и щхьэгъусэм оперэр фIэфI дыдэщи).

● Индиэ

Иджыблагъэ Урысейм щыхьэщIащ Индием и президент Пратибха Патил. Ильэс 74-м зи ныбжьыр иэса а щыхубз льэныгъуэфIэр гуащIафIэу толажьэ Индиемрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэхэр сыт и льэныкъуэкIи егъэфIэкIуэныи, ди дзэпкъэм я зэныбжьэгъуэгъэ, мамырыгъэ гъэбыдэныи. Патил кьыззэрилъытэмкIэ, дуней псор зы унагъуэм ещхьыр. ЦIыхухэр зэдзэпсэупхъэщ пщIэ зэхуащIу, зэдзэIэпыкъуу, нэмыс ин яку дэлъу.

«Охо планеты» журналым кьитхащ.

● ГъэщIэгъуэнщ

Мылъкшхуэ кьигъуэтащ

Зи ныбжьыр ильэс 70-м щIигъуа нэмыцэ щIэныгъэлI, хым щIилъэфа хъугъуэфIыгъуэхэр кьэлъыхьэуэныр Iэщ,агъэ зыхуэхъуа Кепплер Клаус иджыблагъэ Индонезием пэгъунэгъуу кьыщигъуэтащ зэгуэрым пиратхэм (тендзыщым щыхъунщIэхэм) яIэщIэлъыгъэ инджылыз кьхъуахыр, 1806 гъэм хым щильэфауэ щытар. Абы и кIуэцIым кьраухащ дыщэу, дыжьыну, мывэ льэапIэ зэмылIэужьыгъуэу зы тоннрэ ныкъуэрэ хуэдиз, еврэ мелуанищIым нэс зи уасэр. КьищынэмыщIауэ, кхъухым ильг щагъыр эрыт птульклIэу щиплIым нэс. Кепплер а къулеигъэшхуэм и зэхуэдитIыр иритын хуейщ мылъкур кьыщагъуэта щIыпIэм щыIэ къэралым (Индонезием) - ар дунейпсо хабзэщ.

Кепплер Клаус зи мурадыр кьызэхъуIэрей льыхъуакIуэщ. Ильэс 50 хуэдизкIэ уэлбэкIыжмэ, абы и «хым» кьихуат Рим къэралыгъэжьым и зэманым ящIа кхъухьыр, пасэрей хьэкъущкIу тельыджэу 150 гъэ зэрыхуар. Абы и ужькIэ, тендзыз щIагъым гъэпщкIуа щыхъуа хъугъуэфIыгъуэхэр кьильхъуэным дихьэхыпащ.

Кепплер хым кьыщигъуэтахэм ящыщ, пасэльэм папщIэ, «Ватерднкер» голланд кхъухь пIащр. Абы и хъумапIэхэм кьыщIахьыгащ дыжьыну тонн 30, дыщэ, дыжьынахышэ жыгейуэ мин 200, мраморым кхъухэщIыкIа, дыщэ уанэ зытелъ шы телъыджэ, нэгъуэщIхэри.

ПОПОВЭ Надеждэ.
«Аргументы недели».

● Тепщэгъуэр зыIыгъхэр

Хэт дауэ зигъэпсэхурэ

УФ-м и Президентыр хуитыIэрэ хамэ къэралхэм зыщIэныгъэхэр? Сыт абы къыкIыр? Ди къэралым и Iэтащхьэм езыр зэрыхуей дыдэу зигъэнсэху хьунущ. Ауэ гу зылъытапхъэщ Президентым и зыгъэпсэхугъуэ зэманми и кьалэнхэр зэрыщытхэмкIэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, и унагъуэм (къэралым) исыжыныр нэхъ кьыхуощхьэпэ.

Мыгъэрей и зыгъэпсэхугъуэр Медведевым щигъэжIауэ Сочэ кьалэм, абы и Iэнуэбгъэхэм. Къэрал Iуэхухэри Iэщ,ыб ищIакьым: кьыщIытащ олимпухуэныгъэхэр зэрекIуэкIыр, я IуIщIащ къэрал зыбжанэм, парламент партхэм я унафощIхэм.

Премьер-министр Путин Владимир зэрызигъэпсэхуар махуиплI кьудейщ. Ар щыIащ Тувам и щIыпIэ дахэхэм, бдзэжьей ещащ, кьуршыпсэуэрым щыщIэпскIащ, Iэхьуэ-шыхьуэхэм я гъусэу концерт гъщIэгъуэнхэм еплъащ.

Тхыдэм дыхэпльэжмэ, гу лыдэтэ тещIигъуэр зыIыгъыу щытахэм къэралым и инщэ лъныкъуэр зыгъэпсэхупIэу зэрыIар. Къэбгъэльагъэмэ, Александр ЕтIуанэр ВыщIыкIуэрейт, а щIыпIэм щыIэ Ливадий уардэнэр и хэщIапIэт. Александр ЕщанэкIи бзэфIэт Кьрымым щыIэну, а щIыпIэми щыIIэжащ. Иужьрей уэрыс пащтыкъ Николай ЕтIуанэр эман-зэманкIэ щыхьэщIэрт Бахъшысарэйм, Севастополь, Форос, Ялтэ, Алупкэ, Алуштэ.

Совет Союзым и кьызэгъэпэщащIэу Ленин зыщигъэпсэхуар Горки жылагъуэ щыкIурщ, Москва пэмыжьжьэу щыЗрщ. Сталиныр зыкъомрэ щыпсэуащ Налшык, нэхъ ижьыIуэкIэ Iэтхьэкъуащ тендзыз фIыщIэм и Iуфэм кьыдекIуэкI жылагъуэ щIрыIуэхэм.

Хрушев и ягъ зыщIигъуэжьырт Кьрымыр: кхъуафэжьейкIэ тендзжым техьэрт, бдзэжьей ещрт. 1964 гъэм, а щIыпIэм щыIэу, и кьулыкъым къытратъэжIыгащ. Ильэс 27-рэ дэжIа нэужь, ардыдэр кьыщIащ Горбачевми. Форосым щIэрыIуэ, ГКЧП-м хэтхэм зыкъаIэтри, и кьулыкъур Iэщ,атхъыгащ.

Брежневми фIэфIт «Бочаров ручей» жыхуаIэ зыгъэпсэхуэпIэм и нарзанпсэхэм ефэну, псы пщтырхэм зыщигъэпсэкIыну. Андроповым нэхъ кьищтэрт Кьрымыр - аращ дыеIм щехьжари. Черненкэ Кисловодск щыIэу, зыгуэрым кьыжриащ бгы лъагэмщащ «Сосновый бор» дачэр и узынщагъэм кьыхуэщхьэпэну. Ауэ и астмэ узыр абы нэхъ гуащIэу кьыщIипхърыхьэри, мыгувэу дунейм ехьжащ.

ЩIыналтэ унафэщIхэм я гугъу ящIымэ, Санкт-Петербург кьалэм и унафэщI Матвиенко Валентинэ ильэс зыбжанэ хьуауэ Алыджым макIуэ. Краснояркэ крайм и губернатор Хлопониным зыщигъэпсэхурейщ Москва пэгъунэгъу кьалэ щыкIуэм, Франджым, Италием я щыпIэ дахэхэм. Тэгъэстаным и пещIэ Шаймиевым зыпищI щыIэкъым Чехием, Тыркуэм я курортхэр.

ЩыгъуазэфIыхуэтIынщ кьэралыгъэ нэхъ цIэрыIуэхэм я Iэтащхьэ язныкъуэхэм я «зэкIуэлъэхэмэ». Къэбгъэльагъуэмэ, США-м и президент Обамэ Барак, и унагъуэр и гъусэу, и уней кащIэм, Массачусетс псы Iуфэм Iутым, щIэх-щIэхыуэр щыпльагъэнущ. Великобританием и премьер - Браун Гордон кIэрейщ Шотландием щыIэ, езыр зыщадльэ Файф кьуажэ щыкIуэм. Франджым и президент Саркозэ Николя и щIэныгъэгъэщIафIэ Лазурный Берег жыхуаIэ щIыпIэ тельыджэм. Италием и премьер-министр Берлусконим Сильвио эман куэд щегъэкIуэ Милан кьалэшхуэм и Iэгъэлбгъэхэм. Германием и канцлер Меркель Ангелэ хэтырейщ ильэс кIэс Вагнер и фоепIуэ бавариемрэ щрагъэкIуэкI дауэдащхэм (и щхьэгъусэм оперэр фIэфI дыдэщи).

● Гушыгъэр

Iущхэмрэ делэхэмрэ

* * *

- Зэ хэпха? ДяпэкIэ Урысейм куэду щаухэунущ пщIэ щIэптурэ ущызэкIуапхъэ гъуэгуэр. Абыхэм кьыщIыпкIухьмэ, хуэдитIкIэ нэхъ мащIэщ ахьшэуэфIэкIуэдынур, уасэ гуэри зимыIэ гъэзугъэм -щипкIугъэм- етыытащ.

- Ар дауэ кьыззэрыбгурыIуэнур?

* * *

- Iущэщ Iэ ГИБДД-р тетынукъым.

* * *

- Алло, фIэхъус узох! Дэнэ ущыIэ? Сыт пщIэр?

- Зыри сщIэркъым. Лэжьапlэм сыщыIэщ.

* * *

- Пушкиным узогъэщхь, щIалэ.

- Си щхьэцымкIи?

- Хьэуэ. КьрахьуэкIэ сыноуэну сызэрыуеймкIэ.

* * *

- Сыт Iущхэр щIэмащIэр, делэхэр щIыкIуэдыр?

- Iущхэр гупсысэуэрэ, делэхэр зэрогъэбагъуэ.

Зи судыр ящIэм кьипсэлъаахэр;

- Ди къэралым захуагъэ щыIэ? Щыlэкъым. Дэнэ здэкIуар Iульхьэу ста ахьшэ кьомыр?

* * *

«Булава» ракетэм дертынщэу хэтIыр зы пкьыгъуэ закьуэщI - зэрызыкIуэжьыну системэрщ.

«Комсомольская правда» газетым кьитхащ.

«Гигант»-р кьикIуэтыркъым

● Щапхъэфl

фIэкIари мащIэкъым. Ауэ ди гукъыдэжьыр екъуэ къэралым пудыжьу фIэкIа (центнерым сомитху хуэзэу) ящIэщ зэрыгъэкIыну. Гугъуехьэ щIэкъым, щхьэкIэ зэрыгъэкIыр къльатауэ, хэт гъэкIуэ, нэгъуэщIхэр хадзэкIым, адрейпхэр Iэщ гъэхъыным елэжьэпхъэщ. Арыншамэ, ди Iуэхуэхэр ефIэкIуэныкъым, ди щIалэгъуалэр мэкъумэш щIэныбм дихьэхьынукъым - ар гупсысапIэщIэхуэщ...

«Гигант»-м и унафэщIэм зэпымыуэу гулытэ хуащI кьуажэм и зыужьынырщэм, социальнэ Iуэхуэхэм, сабийхэр хэщIапIэхэм, гуащIафIэу гъэсэным. Мы гъэм Сотниковскэм дащIыхь екIащIэщ, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэща классэхэр, льэщапIэхэр, спорт пэшышхэр зэхэ нIэу. ЩIэнхабзэмкIэ унэм щолажьэ кружок зэмылIэужьыгъуэ 28-рэ. Мыбдежьм пщIэншэу щагъэзагъэ кинофильм купщафIэхэр. Краймэ щынэхьыфI дыдэщ мы кьуажэм дгт спорткомплексри. Абы щыщагъасэ боксым, бэнэным, тонджэгум, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэми дахьэх ныбжьыщIэхэм.

Ильэс кьэс социальнэ Iуэхуэхэм хэзыхьэхэр ужь ин мелуан 15 хуэдизкIэ щIэныгъэ 150-м санаторэхэм зыщагъэпсэху «Гигант»-м и хьэкIкъэ. Колхозхэзгхэм (ахэр 600 хуэдизмэхэу) и ильэс уплахуэр сом мелуанищ-щ щIыгу. Кьущыгъэ зыщIэхъэпсщ мы колхозым и техникэр («Челленджер» трактэрхэр, «Нью-Холланд» комбайнхэр, «Амазоне» жыласэхэр, нэгъуэщIхэ- ри).

Сотниковскэм дэтщ щагъэхьэжьапIэ льэщ, щхьэл абрагъуэ, кислород станц, нэгъуэщI Iуэхущ IуэхущIэхэр. Мы жылагъэм Iэщ гъэхъуным зыщищэну щIидзащ. Иджыблагъэ Волгоград областым кьыщащхуащ Iэщ,эвыщIэу 560-рэ.

ЯкIпIэнуракъэ, колхозыр мэлажьэ, мэпсэу зыкъэзыпIэу. «Гигант»-м и кьалэнхэр, сыт щыгъуи хуэдизу, хьэлэту егъэзащIэ. Ар зыхуэныкъуэр зыщ